# SECONDARY SCHOOL EXAMINATION – 2024 (ANNUAL)

# माध्यमिक स्कूल परीक्षा – 2024

**Model Set**

**MAITHILI (MT)**

**मैथिली (मातृभाषा)**

**Sub. Code – 104**

**समयः 3 घंटे 15 मिनट** | **पूर्णांक–100**

**Time : 3 Hrs. 15 Minutes** | **Full Marks : 100**

***परीक्षार्थियों के लिए निर्देश :–***

1. परीक्षार्थी OMR उत्तर पत्रक पर अपना प्रश्न पुस्तिका क्रमांक (10 अंकों का) अवश्य लिखें।
2. परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।
3. दाहिनी ओर हाशिये पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।
4. प्रश्नों को ध्यानपूर्वक पढ़ने के लिए परीक्षार्थियों को 15 मिनट का अतिरिक्त समय दिया गया है।
5. यह प्रश्न–पत्र दो खण्डों में है, खण्ड–अ एवं खण्ड–ब।
6. खण्ड–अ में 100 वस्तुनिष्ठ प्रश्न हैं, जिनमें किन्हीं 50 प्रश्नों का उत्तर देना अनिवार्य है। 50 प्रश्नों से अधिक का उत्तर देने पर प्रथम 50 का ही मूल्यांकन होगा। प्रत्येक प्रश्न के लिए 1 अंक निर्धारित है। इनका उत्तर देने के लिए उपलब्ध कराये गये OMR उत्तर–पत्रक में दिये गये सही विकल्प को काले/नीले बॉल पेन से प्रगाढ़ करें। किसी भी प्रकार के ह्वाइटनर/तरल

पदार्थ / ब्लेड / नाखून आदि का OMR उत्तर–पत्रक में प्रयोग करना मना है, अन्यथा परीक्षा परिणाम अमान्य होगा।

7. खण्ड–ब में 6 विषयनिष्ठ प्रश्न हैं।

8. किसी प्रकार के इलेक्ट्रॉनिक उपकरण का प्रयोग पूर्णतया वर्जित है।

## खण्ड–अ

## (वस्तुनिष्ठ प्रश्न)

प्रश्न संख्या 1 सँ 100 धरिक प्रत्येक प्रश्नक संग चारि विकल्प (A, B, C, D) देल गेल अछि, जाहिमे एक सही अछि। सही विकल्प चुनिकय OMR शीट मे भरू। उक्तमे कोनो 50 प्रश्नक उत्तर दिअ। ***50x1=50***

1. अवहट्ठमे विद्यापतिक दूटा पोथी छनि

(A) पुरुष–परीक्षा (B) कीर्तिलता

(C) कीर्तिपताका (D) (B) आ (C)

2. जनक राजवंशक राजधानी छल

(A) काठमांडू (B) जनकपुर

(C) सिरहा (D) दरभंगा

3. शापसँ राजा निमि विदेह भए गेलाह

(A) गुरु विश्वामित्रक (B) गुरु वशिष्ठक

(C) गुरु द्रोणाचार्यक (D) ऋषि गौतमक

4. याज्ञवल्क्यसँ योगशास्त्रक शिक्षा प्राप्त कयलनि

(A) उद्दालक आरूणि (B) हिरण्यनाम

(C) गौतम (D) वैशम्पायन

5. सीरध्वज जनक ससुर छलाह

(A) श्रीरामक (B) श्रीकृष्णक

(C) कंसक (D) रावणक

6. गोदावरी दत्तक जन्म भेलनि

(A) 1929 ई0 मे (B) 1930 ई0 मे

(C) 1931 ई0 मे (D) 1932 ई0 मे

7. 'शुक्ल यजुर्वेद' कृति छनि

(A) राजा जनकक (B) याज्ञवल्क्यक

(C) वैशम्पायनक (D) आरूणिक

8. ओइनवार राजवंशक पहिल राजा भेलाह

(A) भवसिंह (B) कीर्तिसिंह

(C) शिवसिंह (D) पद्मसिंह

9. विद्यापति रचित 'विभागसार' पोथी लिखल अछि

(A) संस्कृतमे (B) अवहट्ठमे

(C) मैथिलीमे (D) प्राकृतमे

10. चन्दा झाक निधन भेलनि

(A) 1906 ई0 मे (B) 1907 ई0 मे

(C) 1908 ई0 मे (D) 1909 ई0 मे

11. सुभद्र झा मैट्रिक पास कयलनि

(A) मधुबनीसँ (B) दरभंगासँ

(C) पटनासँ (D) सीतामढ़ीसँ

12. 'नातिक पत्रक उत्तर' पोथी पर साहित्य अकादेमी पुरस्कार भेटल

(A) प्रेमशंकर सिंहकेँ (B) हरिमोहन झाकेँ

(C) सुभद्र झाकेँ (D) आरसी प्रसाद सिंहकेँ

13. लक्ष्मण झाक जन्म स्थान छलनि

(A) रहिका (B) टेकटारि

(C) झंझारपुर (D) रसियारी

14. 23 जनवरी, 2000 ई0 मे निधन भेलनि

(A) सुभद्र झाक (B) लक्ष्मण झाक

(C) अमरेश पाठकक (D) दिनेश कुमार झाक

15. माँगन खबास पचगछिया दरबारमे रहलाह

(A) बीस वर्ष (B) एकैस वर्ष

(C) बाइस वर्ष (D) तेइस वर्ष

16. पैंतीस वर्षक अवस्थामे 1943 ई0 मे मृत्यु भेलनि

(A) लक्ष्मण झाक (B) सुभद्र झाक

(C) गोदावरी दत्तक (D) माँगन खबासक

17. गोदावरी दत्तक पिताक नाम छलनि

(A) गोविन्ददास (B) लालदास

(C) रास बिहारी दास (D) श्यामानन्द दास

18. गोदावरी दत्त व्याख्याता पद पर कार्यरत छलीह

(A) पटना आर्ट्स कॉलेजमे (B) ब्रह्मानंद कला महाविद्यालयमे

(C) सी0 एम0 साइन्स कॉलेजमे (D) मिल्लत कॉलेजमे

19. राष्ट्रपति द्वारा श्रेष्ठ ओ दक्ष शिल्पीक पुरस्कार गोदावरी दत्तकेँ देल गेलनि

(A) 1980 ई0 मे (B) 1981 ई0 मे

(C) 1982 ई0 मे (D) 1983 ई0 मे

20. 'ए हिस्ट्री ऑफ मैथिली लिटरेचर' रचना अछि

(A) जयकान्त मिश्रक (B) सुभद्र झाक

(C) रत्नेश्वर मिश्रक (D) भाग्यनारायण झाक

21. 'जवाहर : जेहन देखलहुँ: जेहन पओलहुँ' निबंध पत्रिकासँ लेल गेल अछि

(A) 'मिथिला मोद'सँ (B) 'मैथिल हित साधन'सँ

(C) 'भाखा'सँ (D) 'घर–बाहर'सँ

22. 'आनन्द भवन' अवस्थित अछि

(A) बिहारमे (B) मध्य प्रदेशमे

(C) उत्तर प्रदेशमे (D) हिमाचल प्रदेशमे

23. 'पटाक्षेप' उपन्यास रचना छनि

(A) हरिमोहन झाक (B) लिली रेक

(C) प्रभास कुमार चौधरीक (D) राजकमल चौधरीक

24. लिली रे रहैत छलीह

(A) दर्जिलिंगमे (B) अरूणाचल प्रदेशमे

(C) पटनामे (D) पूर्णियामे

25. राजमोहन झाक पितामहक नाम छलनि

(A) हरिमोहन झा (B) जनार्दन झा 'जनसीदन'

(C) मनमोहन झा (D) एहिमे केओ नहि

26. 'आइ काल्हि परसू' कथा संग्रह पुरस्कृत भेल

(A) 'वैदेही पुरस्कार'सँ (B) 'विद्यापति पुरस्कार'सँ

(C) 'साहित्य अकादेमी पुरस्कार'सँ (D) 'चेतना पुरस्कार'सँ

27. राजमोहन झाक जन्म भेलनि

(A) 1932 ई0 मे (B) 1934 ई0 मे

(C) 1936 ई0 मे (D) 1938 ई0 मे

28. भोलालाल दासक रचना अछि

(A) बाबाक आत्मीयता (B) राष्ट्रभाषा ओ मातृभाषा

(C) भरि छीपा भात (D) गोदावरी दत्त

29. जन–शिक्षा साधन केन्द्र 'दीपायतन'क निदेशक छलाह

(A) दीनेश्वर लाल 'आनन्द' (B) राजमोहन झा

(C) गोविन्द झा (D) तारानन्द वियोगी

30. गाछ–वृक्षक लेल आवश्यक अछि

(A) नाइट्रोजन (B) ऑक्सीजन

(C) कार्बनडायऑक्साइड (D) मिथेन

31. पर्यावरणकँ स्वच्छ रखबा लेल सर्वाधिक उपयोगी अछि

(A) पानि (B) ऑक्सीजन

(C) खेत (D) गाछ–वृक्ष

32. लकड़ीसँ दियासलाइक काठी बनैत अछि

(A) आमक (B) कटहरक

(C) सिम्मरक (D) शीशोक

33. बी0 आर0 अंबेदकरक पिताक नाम छल

(A) रामजी सकपाल (B) शिवाजी राव

(C) आनन्द राव (D) बलराम राव`

34. अंबेदकर गवर्नमेंट लॉ कॉलेजमे प्रिंसिपल भेलाह

(A) 1933 ई0 मे (B) 1934 ई0 मे

(C) 1935 ई0 मे (D) 1936 ई0 मे

35. भीमराव अंबेदकरक निधन भेलनि

(A) 1950 ई0 मे (B) 1952 ई0 मे

(C) 1954 ई0 मे (D) 1956 ई0 मे

36. 1990 ई0 मे 'भारत रत्न' सम्मान देल गेलनि

(A) जवाहर लाल नेहरूकेँ (B) राजेन्द्र प्रसादकेँ

(C) भीमराव अम्बेदकरकेँ (D) सरदार पटेलकेँ

37. उमाकान्तक व्यंग्य पुस्तकक नाम अछि

(A) खट्टरककाक तरंग (B) बाबाक विजया

(C) एकादशी (D) आनंदमठ

38. क्रैक जीवन–यापन लेल कार्य करैत अछि

(A) खेतीक (B) टेम्पोचालनक

(C) मजदूरीक (D) शिक्षकक

39. 'कड़री' शब्दक अर्थ अछि

(A) काँकड़ि (B) बतिया

(C) कचुरी

(D) केराक थम्ह

40. रानी लक्ष्मीबाई अंगरेजक विरोधमे विद्रोहक नेतृत्व कयलनि

(A) कानपुरसँ

(B) जगदीशपुरसँ

(C) झाँसीसँ

(D) आरासँ

41. 1920 ई0 मे आन्दोलनकेँ स्वीकार कयल गेल

(A) भारत छोड़ो आन्दोलन

(B) असहयोग आन्दोलन

(C) सविनय अवज्ञा आन्दोलन

(D) साइमन कमीशन

42. ''भारत छोड़ू'' आन्दोलन भेल

(A) 1940 ई0 मे

(B) 1942 ई0 मे

(C) 1944 ई0 मे

(D) 1946 ई0 मे

43. काँग्रेसक स्थापना कयनिहार प्रमुख व्यक्ति छलाह

(A) जवाहर लाल नेहरू

(B) वीर सावरकर

(C) ए0 ओ0 ह्यूम

(D) राजेन्द्र प्रसाद

44. 'चिलका' शब्दक अर्थ अछि

(A) चिल्होरिकेँ

(B) दुधपीबा बच्चाकेँ

(C) चिल्हकेँ

(D) चेलबाकेँ

45. 'कमैनी' शब्दक अर्थ अछि

(A) बच्चाक प्रति सिनेह

(B) अप्पन लोक

(C) नीचा उतारब

(D) खढ़–पात साफ करब

46. 'चकविदोर लागब' मोहावराक तात्पर्य अछि

(A) नीक लागब

(B) अति आश्चर्य होएब

(C) पागल होएब (D) बिना मतलबक कार्य करब

47. 'कठौती' कहल जाइत अछि

(A) कठुलीकेँ (B) कड़रीकेँ

(C) कठकीकेँ (D) कजरौटाकेँ

48. प्रभास कुमार चौधरीक उपन्यास 'राजा पोरखरिमे कतेक मछरी'क हिन्दी अनुवाद कयलनि

(A) अशोक (B) विभारानी

(C) कृष्ण मोहन झा (D) राजमोहन झा

49. बतहियाकेँ संतान अछि

(A) तीन (B) चारि

(C) पाँच (D) छओ

50. 'देसिल बयना सब जन मिटठा' कहब छनि

(A) ज्योतिरीश्वर ठाकुरक (B) हर्षनाथ झाक

(C) विद्यापतिक (D) गोविन्ददासक

51. विद्यापति मैथिलीमे पद लिखलनि

(A) लगभग पाँच सौ (B) लगभग एक हजार

(C) लगभग डेढ़ हजार (D) लगभग दू हजार

52. 'उपहासए' शब्दक अर्थ अछि

(A) निन्दा करय (B) लाज करय

(C) खेती (D) बारंबार

53. भादवमे उपजयवला अन्नकेँ कहल जाइत अछि

(A) खरीफ (B) अगहनी

(C) भदइ (D) रब्बी

54. 'शतदल' कविता संग्रह छनि

(A) कांचीनाथ झा 'किरण'क (B) काशीकान्त मिश्र 'मधुप'क

(C) आरसी प्रसाद सिंहक (D) मार्कण्डेय प्रवासीक

55. 'भावि भरदुतिया विधान हे' कविता पहिलबेर पोथीमे छपल

(A) 'चौंकि चुप्पे'मे (B) 'प्रेरणापुंज'मे

(C) 'झंकार'मे (D) 'शतदल'मे

56. फाँड़क धोतीसँ बनाओल धोकरीके कहल जाइत अछि

(A) झोरा (B) बोरा

(C) फाँफर (D) एहिमे कोनो नहि

57. यात्रीक पहिल कविता छपलनि

(A) 1926 ई0 मे (B) 1927 ई0 मे

(C) 1928 ई0 मे (D) 1929 ई0 मे

58. 'चित्रा' कविता–संग्रह रचना छनि

(A) मंत्रेश्वर झाक (B) सोमदेवक

(C) 'यात्री'क (D) विद्यानाथ झा 'विदित'क

59. 'यात्री क पैतृक गाम छनि

(A) ठाढ़ी (B) तरौनी

(C) उजान (D) पिण्डारूच्छ

60. गामसँ बाहरक उपजाऊ भूखण्ड आ गाछी–बिरछी कहबैत अछि

(A) उमडाम (B) बाध–बोन

(C) मझनी (D) सिहकी

61. 'चाणक्य' महाकाव्यक रचनाकार छथि

(A) रवीन्द्रनाथ ठाकुर (B) उदयचन्द्र झा 'विनोद'

(C) चन्द्रभानु सिंह (D) दीनानाथ पाठक 'बन्धु'

62. 'जय–जवानः जय किसान' कविता पोथीसँ लेल गेल अछि

(A) सुनू सुनू बहिना (B) जहिना छी तहिना

(C) स्वतंत्रता अमर हो हमर (D) प्रगीत

63. भारत पर चीनी आक्रमण भेल

(A) 1960 ई0 मे (B) 1961 ई0 मे

(C) 1962 ई0 मे (D) 1963 ई0 मे

64. 'मैथिली ओ संताली' पोथी रचना अछि

(A) चन्द्रभानु सिंहक (B) विद्यानाथ झा 'विदित'क

(C) मार्कण्डेय प्रवासीक (D) सुकान्त सोमक

65. 'बच्चा' शीर्षक कविता संग्रहीत अछि

(A) 'अकथ कथा'मे (B) 'कहलनि पत्नी'मे

(C) 'अपक्ष'मे (D) 'मौसम अएला पर'मे

66. बुद्धिनाथ मिश्रक जन्म भेलनि

(A) 1949 ई0 मे (B) 1950 ई0 मे

(C) 1951 ई0 मे (D) 1952 ई0 मे

67. 'निज सम्वाददाता द्वारा' कविता–संग्रह रचना छनि

(A) सुकान्त सोमक (B) बुद्धिनाथ मिश्रक

(C) 'यात्री'क (D) रवीन्द्रनाथ ठाकुरक

68. 'माँ' कविता अछि

(A) 'तुमि चिर सारथि'मे (B) 'हस्तक्षेप'मे

(C) 'जीवनी–संस्मरण'मे (D) 'गजल–कविता'मे

69. 'कैंची' शब्द अछि

(A) फारसी (B) तुर्की

(C) पुर्तगाली (D) मैथिली

70. 'मुसाफिर' शब्द अछि

(A) अरबीक (B) फ्रेंचक

(C) मैथिलीक (D) उर्दूक

71. 'चादरि' शब्द अछि

(A) हिन्दीक (B) मैथिलीक

(C) संस्कृतक (D) फारसीक

72. उद्‌गमक आधार पर शब्दक भेद होइत अछि

(A) तीन (B) चारि

(C) पाँच (D) छओ

73. 'विधकरी' शब्द उदाहरण अछि

(A) तत्समक (B) तद्‌भवक

(C) देशजक (D) विदेशजक

74. 'फागुन' शब्द उदाहरण अछि

(A) तत्समक (B) तद्‌भवक

(C) देशजक (D) विदेशजक

75. देव + इन्द्रक संधि भेल

(A) देवइन्द्र (B) देवेन्द्र

(C) देवीन्द्र (D) देवोन्द्र

76. तथा + आगतक संधि अछि

(A) तथआगत (B) तथाआगत

(C) तथागत (D) तथागता

77. ''फतूही'' शब्दक अर्थ होइछ

(A) फजली (B) बिन बाँहिक गञ्जी

(C) फालतू (D) झगड़ाक निदान

78. 'दुर्गन्ध' शब्दक सन्धि–विच्छेद अछि

(A) दुः + गन्ध (B) दुर + गन्ध

(C) दुग + अन्ध (D) दु + गन्ध

79. पिताक जेठ अथवा छोट भाए कहबैछ

(A) पित्ती (B) पितामह

(C) पितिऔत (D) पिसिऔत

80. पत्नीक पित्तीक लेल संबोधन अछि

(A) पितिया ससुर (B) पित्तिऔत भाए

(C) पितृव्य (D) fपतिया सासु

81. 'उपनिवेश' शब्दक विशेषण होइछ

(A) उपार्जित (B) उपयुक्त

(C) औपनिवेशिक (D) उपकारी

82. 'कल्पना' शब्दक विशेषण अछि

(A) कुलीन (B) कामुक

(C) कारुणिक (D) काल्पनिक

83. 'विद्यापति' शब्द संज्ञाक उदाहरण अछि

(A) व्यक्तिवाचक (B) द्रव्यवाचक

(C) जातिवाचक (D) भाववाचक

84. 'शताब्दी' उदाहरण अछि

(A) जातिवाचकक (B) समूहवाचकक

(C) भाववाचकक (D) व्यक्तिवाचकक

85. 'किशोर' शब्दक स्त्रीलिंग होइछ

(A) किशोरी (B) कुमारी

(C) मयूरी (D) देवी

86. 'अभागल' शब्दक स्त्रीलिंग अछि

(A) तबधलि (B) लागलि

(C) अभागलि (D) जरलि

87. 'सुधा कलमसँ पोथी लिखि रहल अछि' वाक्यमे कारक अछि

(A) कर्त्ताकारक (B) कर्मकारक

(C) करणकारक (D) सम्प्रदानकारक

88. 'साँप बीहरिसँ बाहर भेल' वाक्यमे कारक अछि

(A) सम्प्रदान कारक (B) अपादान कारक

(C) सम्बन्ध कारक (D) करण कारक

89. ‘अतिशय’ शब्दमे उपसर्ग अछि

(A) शय (B) अति

(C) अतिश (D) तिशय

90. ‘चूड़ीहार’ शब्दमे प्रत्यय अछि

(A) चूड़ी (B) हार

(C) चूहार (D) चूड़ीया

91. ‘कमलनयन’ शब्दमे समास अछि

(A) तत्पुरूष (B) कर्मधारय

(C) द्वन्द्व (D) द्विगु

92. ‘पंचतंत्र’ शब्दमे समास अछि

(A) कर्मधारय (B) अव्ययीभाव

(C) द्विगु (D) बहुब्रीहि

93. ‘उत्कृष्ट’ शब्दक विपरीतार्थक होइछ

(A) अनुपयुक्त (B) विमुख

(C) अपमान (D) निकृष्ट

94. ‘मितव्यय’ शब्दक विपरीतार्थक अछि

(A) अपव्यय (B) विछोह

(C) अमंगल (D) दानव

95. ‘शची’ शब्दक पर्यायवाची अछि

(A) इन्द्राणी (B) इच्छा

(C) इजोत (D) इन्दिरा

96. वैभव शब्दक पर्यायवाची अछि

(A) एहसान (B) ऐश्वर्य

(C) ओझल (D) एकता

97. 'फूटलो आँखि ने सोहायब' मोहावराक तात्पर्य अछि

(A) एकदम नीक नहि लागब (B) कम खोराकी हएब

(C) आनन्ददायक (D) धूर्त्तसँ तकरार हएब

98. 'हँसीमे उड़ाएब' मोहवराक तात्पर्य अछि

(A) कपोल कल्पना (B) ध्यान नहि देब

(C) कार्य बन्द करब (D) कलंक लागब

99. 'जा धरि साँस, ताधरि आस' लोकोक्तिक भाव होइछ

(A) स्वभाव नहि बदलैछ (B) मरबाक समय धरि आशा

(C) उचितक त्याग (D) अपराधक स्पष्ट लक्षण

100. 'झूठक खेती धर्मक दोहाइ' लोकोक्तिक भाव अछि

(A) कपटी (B) समय पर काज नहि आयब

(C) समयानुसार काज करब (D) मूल्यानुसार वस्तुक महत्व

## <u>खण्ड – ब</u>

## <u>विषयनिष्ठ प्रश्न</u>

1. निम्नलिखितमेसँ कोनो **एक** विषय पर निबंध लगभग (250–300) शब्दमे लिखू :

***1x10=10***

(क) ग्राम कचहरी

(ख) गणतंत्र दिवस

(ग) वर्षा ॠतु

(घ) इन्दिरा गाँधी

(ङ) राजा सलहेस

2. निम्नलिखितमे कोनो **एक** प्रश्नक उत्तर दिअ ***1x7=7***

(क) मित्रक बहिनक विवाह भेला पर शुभकामना पत्र लिखू।

(ख) छात्रावासमे रहबा लेल अधीक्षककेँ आवेदन लिखू।

3. निम्नलिखितमे कोनो **दू** उद्धरणक शीर्षक दैत संक्षेपण करूः ***2x4=8***

(क) राज जनताक थिक जनता लेल थिक, तैं शासन ई ध्यान रखलक जे जनताकेँ सरकारी काजक सिलसिलामे भाषा स्तर पर कोनो असुविधा नहि होइक। इएह कारण थिक जे एक प्रदेशमे एक सँ अधिको राजभाषाक प्रावधान कयल गेलैक। फलतः कोनो प्रदेशमे जतेक भाषाकेँ माध्यम बनाओल जाइछ सभ ओहि प्रदेशक राजभाषा कहबैछ। एकरा प्रथम, दोसर, तेसर इत्यादि श्रेणीमे करब कोनो अर्थ नहि रखैछ। हिन्दीकेँ सम्पूर्ण राष्ट्रक हेतु राष्ट्रभाषा मानल गेलैक। जाहि प्रदेशमे मुख्यतः एक भाषा–भाषी अछि, ताहिठाम कोनो समस्या नहि छैक।

(ख) साहित्यकेँ समाजक दर्पण कहल गेल छल। यर्थावतः सामाजिक जीव मनुष्यक हृदयक घात–प्रतिघातक, आशा–आकांक्षाक जेहन मार्मिक चित्रण तत्कालीन साहित्यमे उपलब्ध होइछ, तेहन अन्यत्र नहि। कहल गेल अछि इतिहासकेँ छोड़ि सम वस्तु फूसि रहैछ' अंगरेजीमे एकटा उक्ति अछि जकर सारांश ई अछि जे धीया–पूता जहिना आइ खेलाइत अछि तहिना मिल्टनोक समयमे खेलाइत छल।

परिस्थिति परिपार्श्वक भेदें मनुष्यक व्यवहारमे अन्तर पड़ैछ, किन्तु आकर नैसर्गिक स्वभावमे कोनो अन्तर नहि आओत।

(ग) विद्यापति मैथिलीक कविपति अधिक जनप्रिय छथि। मैथिली मिथिलाक भाषा अछि। एहि भाषाक सभसँ पैध कवि छथि विद्यापति। मैथिलीमे ओ केवल गीत लिखलनि। गीत काव्य–रचनाक एकटा विधा अछि। विद्यापतिक गीत देशेमे नहि अपितु विदेशोमे लोक पढ़लक। सौंसे संसारमे विद्यापति आ हुनक गीतक माध्यमसँ लोक मिथिला आ ओकर भाषा तथा साहित्यकेँ जनलक। दुनिया भरिक साहित्यिक मानचित्रमे मैथिली–साहित्यक स्थान सुरक्षित भऽ गेल।

(घ) याज्ञवल्क्य मिथिलाक प्रचीनतम राजनीतिक चिन्तक, दर्शनिक ओ विधिकर्त्ता भऽ गेल छथि। ई मिथिलाक प्रसिद्ध दार्शनिक राजा कृति जनकक समयमे भेल छलाह। याज्ञवल्क्य संहिताक घोषणा अछि – 'मिथिलास्थः स योगीन्द्रः क्षणं ध्यात्वाऽब्रवीन्मुनीन् अर्थात् योगी याज्ञवल्क्य मिथिलामे रहैत छलाह आ क्षणमात्रमे ध्यान लगौला उत्तर मुनि भऽ गेलाह।

4. निम्नलिखितमे कोनो **एक** टाक आशय लिखू: ***1x5=5***

(क) ''मनक मनहि रहि गेल सब बतिआ
केहन कठोर भेल भैयाकेर छतिया
दोष न हुनक, बिनु मायक नैहरबा
भौजिओक हृदय पखान हे''

(ख) सुभद्र झा वास्तवमे साहित्य–चिंतक छलाह। प्रेरणा–पुरुष छलाह। हुनक ताप सहबाक शक्ति आजुक लोककेँ नहि छैक। तेँ सभ हिनकासँ फराके रहैत छल, मुदा जे सटैत छल, स्नेह पबैत छल; नारिकेरक खोपलैया ओकर परिचय नहि

होइत छैक। सुस्वादु पानि आ कोमल नारिकेर पयबा लेल कठोर आवरणसँ साक्षात्कार आवश्यक अछि।

5. निम्नलिखितमे कोनो पाँच लघूत्तरीय प्रश्नक उत्तर दिअ : **5x2=10**

i. माँगन खबास कोन–कोन प्रसिद्ध संगीत सम्मेलनमे भाग लेलनि ?

ii. चन्दा झा युग प्रवर्त्तक कवि कोना छथि ?

iii. 'शान्तिनिकेतन'क अर्थ की होइत अछि ?

iv. कवि शिवकेँ हर कोना बनयबाक लेल कहैत छथिन ?

v. वर्षा भेलापर बाध–बोन केहन भऽ जाइत छैक ?

vi. 'छहर' ककरा कहल जाइत अछि ?

vii. क्रैक बेसीकाल कोन भाषा बजैए ?

viii. पर्यावरणक तीन मुख्य अंग कोन–कोन अछि ?

ix. तेलगू, मलयालम ओ कन्नर कोन–कोन राज्यक मातृभाषा अछि ?

x. ग्रियर्सन साहेबक अनुसार मिथिलाक पूर्वी सीमा कतय धरि अछि ?

6. निम्नलिखित दीर्घोत्तरीय प्रश्नमे कोनो **दू** प्रश्नक उत्तर लिखू : **2x5=10**

(क) मातृभाषाक सम्बन्धमे महात्मा गाँधीक विचार स्पष्ट करू।

(ख) चन्द्रमुखीक चरित्र–चित्रण करू।

(ग) भीख माङबसँ खेती करब किएक नीक अछि ?

(घ) भरदुतिया पावनिमे भैयाक नहि अयला पर बहिनक स्थितिक वर्णन करू।

x x x